

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar métode panalungtikan anu ngawengku sababaraha unsur, nyaéta desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung instrumén panalungtikan.


3.1. Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu saterusna éta fakta téh dianalisis (Ratna, 2015, kc 53).

Unsur-unsur anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta struktur carita, ajén-inajén étnopédagogik, jeung bahan pangajaran dongéng anu aya dina buku *Rusdi jeung Misnem*.

Dina ngalakukeun panalungtikan, tangtu panalungtik kudu nataharkeun sagala nu dibutuhkeun dina prosés panalungtikan. Sangkan panalungtikan lumangsung sacara lancar, dina ngalakukeun panalungtikan diperlukeun hiji desain. Desain panalungtikan boga tujuan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan nepi ka nyangking hiji logika, boh dina hipotésis boh dina nyieun kacindekan. Singgetna desain panalungtikan téh peta konsep atawa rarancang sangkan panalungtikan bisa ngahontal tujuanna.

Desain panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan (*Rusdi jeung Misnem* karya A.C. Deenik jeung R. Djajadiredja) nyaéta ulikan struktural, étnopédagogik, sacara gurat badag digambarkeun dina bagan 3.1.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2. Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nya éta struktur carita, ajén-inajén étnopédagogik, jeung atikan karakter dina téks carita barudak. Struktur carita nu diulik nya éta téma jeung fakta carita (galur, palaku, jeung latar), sarana-sarana carita (puseur implengan), ajén-inajén étnopédagogik (moral manusa ka Pangéran, moral manusa ka pribadi, moral manusa ka manusa, moral manusa ka alam, moral

kana waktu, moral manusa dina ngudag lahiriah jeung batiniah), jeung bahan pangajaran dongéng anu aya dina buku carita *Rusdi jeung Misnem*.

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta buku carita *Rusdi jeung Misnem* karya A.C. Deenik jeung R. Djajadiredja.

Judul Buku : *Rusdi jeung Misnem* Citakan ka II

Pangarang : A.C. Deenik jeung R. Djajadiredja

Pamedal : Rijswijk (Z.H.)

Taun Medal : teu kapaluruh (teu aya katerangan dina jilid buku)

Jumlah Kaca : Jilid 1: 96

Jilid 2: 112

Jilid 3: 95

Jilid 4: 110

Ieu buku mangrupa carita barudak karya A.C. Deenik jeung R. Djajadiredja. Lamun ditingali anu dicaritakeunana nya éta kahirupan barudak Sunda, kamungkinanana A.C. Deenik ukur disebut pangarang wungkul, sedengkeun pangarang anu sabenerna nya éta Radén Jayadireja. Teu mustahil lamun A.C. Deenik ngan méré pola atawa gurat badagna wungkul, sedengkeun prosés nulisna dilaksanakeun sakabéhna ku Radén Jayadireja (Rosidi, spk., 2000, kc 556).

Ieu buku kabagi kana opat jilid. Jilid kahiji nepi ka jilid kaopat galur caritana nyambung. Tina tiap jilid kabagi-bagi dina subjudul anu pakait. Ieu buku dilengkepan ku gambar ilustrasi karya W.K. de Bruin. Éjahan anu dipaké nyaéta éjahan anu geus diluyukeun jeung éjahan ayeuna.

Palaku utama dina ieu buku nya éta adi lanceuk anu ngaranna Rusdi jeung Misnem. Éta dua budak boga lanceuk ngaranna Ramlan. Ramlan mah henteu cicing di lembur babarengan jeung Rusdi jeung Misnem tapi cicing jeung pamanna di Bandung. Palaku utama nya éta Rusdi, budak lalaki nu umurna tujuh taun, dicaritakeun salaku budak nu pinter, daharna gembul, resep pisan ulin. Misnem dicaritakeun salaku budak awéwé nu umurna lima taun. Kabiasaanana sarua jeung Rusdi, resep ulin jeung beuki barangdahar. Kahirupan sapopoéna raket pisan jeung alam.

Aya dua belas dongéng anu kasampak dina buku *Rusdi jeung Misnem*. Judul-judul dongéng bisa ditingali dina tabél 3.2.

Tabél 3.2
Judul-judul dongéng dina buku *Rusdi jeung Misnem*

No	Judul Dongéng	Keterangan
1	“Monyét maling kerepus”	Buku II kc. 53
2	“Budak pahatu”	Buku III kc. 33
3	“Bangkong jeung sapi”	Buku III kc. 66
4	“Mun teu kuat kudu pelit”	Buku IV kc. 15
5	“Leutik tapi pinter”	Buku IV kc. 20
6	“Juru Tani jeung Kudana”	Buku IV kc. 22
7	“Rék cilaka jadi untung”	Buku IV kc. 32
8	“Uyah”	Buku IV kc. 40
9	“Jaksa pinter”	Buku IV kc. 52
10	“Seungit jeung sora”	Buku IV kc. 58
11	“Nu ngabagikeun rangkét”	Buku IV kc. 80
12	“Nu hadé haté”	Buku IV kc. 90

Tina 12 judul dongéng anu aya dina tabél di luhur, 10 dongéng ti nomer 3 nepi ka 12 dina tabél, bisa dijadikeun bahan pangajaran dongéng di SMA kelas X.

3.3. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun studi dokuméntasi atawa studi pustaka/ kajian kapustakaan (*library research*) kana carita barudak *Rusdi jeung Misnem* karya A.C. Deenik jeung R. Djajadiredja. Ieu carita barudak jadi sumber data utama atawa *primér* dina ieu panalungtikan. Sacara hermeneutis, ieu kajian kapustakaan dilakonan ku cara ngaregepkeun sacara langsung jeung mikapaham harti sacara rasional. Pikeun ngalaksanakeun éta hal, dimekarkeun rambu-rambu studi dokuméntasi anu miboga fungsi minangka instrumén panalungtikan. Téhnik studi dokuméntasi dilarapkeun ngaliwatan opat tahapan, di antarana.

- 1) Milih jeung nangtukeun buku carita *Rusdi jeung Misnem* karya A.C. Deenik jeung R. Djajadiredja.

- 2) Nyirian struktur carita, ajén étnopédagogik, jeung dongéng pikeun bahan ajar dina buku carita *Rusdi jeung Misnem* karya A.C. Deenik jeung R. Djajadiredja.
- 3) Nyatet struktur carita jeung ajén étnopédagogik kana kartu data.
- 4) Nyusun ringkesan carita.

3.4. Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan dimimitian ku ngawincik data-data dina carita barudak *Rusdi jeung Misnem* karya A.C. Deenik jeung R. Djajadiredja, satuluyna pasualan-pasualan nu aya dipedar dina wangun pedaran. Léngkah-léngkah dina ngolah data, dipedar ieu di handap.

- 1) Niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Nyieun papasingan data dumasar kana (a) struktur carita, (b) ajén étnopédagogik, jeung (c) bahan ajar dongéng;
- 3) Nganalisis data dumasar kana (a) struktur carita, (b) ajén étnopédagogik, jeung (c) bahan ajar dongéng;
- 4) Ngadéskripsikeun data dumasar kana (a) struktur carita, (b) ajén étnopédagogik, jeung (c) bahan ajar dongéng; jeung
- 5) Nyusun kacindekan.

3.5. Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc 203), instrumén nya éta pakakas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang sarta meunang hasil anu hadé dina harti taliti, lengkep, jeung sistematis. Lantaran ieu panalungtikan ngagunakeun métode deskriptif, instrumén anu diperlukeun nya éta pedaran analisis jeung kartu data. Pedoman analisis digunakeun pikeun tatapakan dina prosés analisis jeung déskripsi data, sedengkeun kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu aya dina sumber data. Instrumén dina ieu panalungtikan bisa katitén saperti ieu di handap.

Tabél 3.3

Pedoman Analisis

No	Aspék Analisis	Keterangan
1	Analisis struktur carita barudak	Nganalisis téks tina buku <i>Rusdi jeung Misnem</i> dumasar kana strukturna (téma, fakta carita, sarana carita)
2	Analisis étnopédagogik	Nganalisis ajén étnopédagogik tina téks buku <i>Rusdi jeung Misnem</i>
3	Bahan pangajaran	Dongéng-dongéng nu aya dina buku <i>Rusdi jeung Misnem</i> dijadikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMA kelas X.

Tabél 3.4

Kartu Data Téhnik Interprétasi Struktural

“.....” (BKD/Sub Judul/ Kaca/Alinea)	
Aspek Struktur Carita :	
Téma	:
Fakta Carita	:
Palaku	:
Galur	:
Latar	:
Sarana Sastra	:
Puseur Implengan	:

Tabél 3.5

Kartu Data Téhnik Interprétasi Étnopédagogik

“.....” (BKD/Sub Judul/ Kaca/Alinea)

Ajén-inajén étnopédagogik

- 1) Lingkungan Hirup**
- 2) Kagiatan Tatanén**
- 3) Ékonomi**
- 4) Pamaréntahan**
- 5) Ubar-ubaran**
- 6) Kaulinan Barudak**